

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

Métode panalungtikan minangka cara utama nu digunakeun ku panalungtik pikeun ngahontal tujuan jeung ngajawab masalah anu diajukeun. Maryaeni (2012, kc. 58) nyebutkeun yén métode panalungtikan nya éta cara anu dipaké ku panalungtik dina meunangkeun pamahaman anu luyu jeung tujuan panalungtikan.

Métode anu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta métode déskriptif. Métode déskriptif mangrupa métode pikeun maluruh informasi ngaliwatan kajian tiori, ngumpulkeun data atawa informasi langsung ti masarakat keur disusun, dijéntrékeun jeung dianalisis. Sukardi (2015, kc. 58) nétélakeun yén panalungtikan déskriptif ngagambarkeun sacara jelas jeung *sekuensial* kana pertanyaan panalungtik nu geus ditangtukeun saacan panalungtik ka lapangan jeung teu ngagunakeun hipotesis salaku pakeman atawa *guide* dina panalungtikan.


Métode déskriptif dina ieu panalungtikan digunakeun pikeun ngadéskripsikeun gambaran umum ngeunaan sajarah jeung kamekaran upacara ritual *irung-irung*, prak-prakan upacara ritual *irung-irung*, unsur budaya nu nyampak dina upacara ritual *irung-irung*, ajén budaya nu nyampak dina upacara ritual *irung-irung*, sarta rarancang bahan pangajaran bahasan budaya Sunda di SMA kelas XI ngeunaan ajén budaya dina upacara ritual *irung-irung*.

3.1 Désain Panalungtikan

Désain panalungtikan mangrupa rarancang panalungtikan anu ngagambarkeun léngkah-léngkah panalungtikan. Leuwih lengkepna, désain panalungtikan katitén dina bagan saperti ieu di handap.

Bagan 3.1

Désain Panalungtikan



3.2 Lokasi jeung Sumber Data Panalungtikan

3.2.1 Lokasi Panalungtikan

Lokasi nu dijadikeun tempat panalungtikan nya éta Kampung Kancan Désa Cihideung Kecamatan Parongpong Kabupatén Bandung Barat. Legana Désa Cihideung nya éta 715,1 Ha, kalayan wates wilayahna, nya éta:

Wates kulon : Désa Karyawangi, Cigugurirang Kecamatan Parongpong

Wates kalér : Perkebunan Sukawana Kecamatan Parongpong

Wates kidul : Isola Kecamatan Sukasari

Wates wétan : Sukajaya, Gudang Kahuripan Kecamatan Lembang

3.2.1.1 Kondisi Sosial

1) Penduduk

Jumlah penduduk di Désa Cihideung Kecamatan Parongpong Kabupatén Bandung Barat sajumlah 13.737 jiwa, anu diwengku 7.036 jiwa lalaki jeung 6.701 jiwa awéwé sarta jumlah kepala keluarga 4041 KK. Leuwih jéntréna bisa katitén tina data ieu di handap.

Tabél 3.1

Kaayaan Penduduk Désa Cihideung nurutkeun Kelompok Umur taun 2016

Umur	Jumlah		Umur	Jumlah		Umur	Jumlah	
	Lalaki	Awéwé		Lalaki	Awéwé		Lalaki	Awéwé
0-12 bln	78	64	26 taun	100	115	52 taun	40	43
1 taun	99	77	27 taun	110	113	53 taun	57	63
2 taun	105	82	28 taun	111	121	54 taun	57	59
3 taun	102	79	29 taun	113	109	55 taun	65	73
4 taun	141	109	30 taun	105	115	56 taun	47	43
5 taun	145	117	31 taun	107	117	57 taun	57	59
6 taun	163	115	32 taun	109	120	58 taun	49	41
7 taun	160	137	33 taun	110	111	59 taun	55	53
8 taun	174	155	34 taun	109	115	60 taun	47	49
9 taun	150	137	35 taun	107	109	61 taun	51	40
10 taun	136	126	36 taun	109	115	62 taun	48	45
11 taun	75	113	37 taun	117	109	63 taun	33	39
12 taun	156	161	38 taun	105	115	64 taun	59	61

13 taun	157	111	39 taun	105	93	65 taun	35	27
14 taun	126	115	40 taun	105	101	66 taun	27	31
15 taun	140	113	41 taun	105	83	67 taun	49	31
16 taun	125	103	42 taun	77	85	68 taun	37	33
17 taun	121	107	43 taun	69	87	69 taun	47	49
18 taun	109	112	44 taun	99	91	70 taun	51	41
19 taun	123	137	45 taun	53	59	71 taun	48	45
20 taun	112	103	46 taun	79	93	72 taun	33	49
21 taun	127	135	47 taun	96	67	73 taun	59	61
22 taun	191	156	48 taun	98	93	74 taun	35	27
23 taun	113	111	49 taun	94	47	75 taun	26	27
24 taun	115	130	50 taun	71	95	>75	35	37
25 taun	116	117	51 taun	67	75	Total	7036	6701

Sumber: Monografi Désa Cihideung Maret 2016

2) Pendidikan

Di Désa Cihideung aya lembaga pendidikan formal jeung non-formal. Pendidikan formal aya *Playgroup*, TK, SMP jeung SMA. Sedengkeun non-formal aya perpustakaan désa, taman bacaan désa jeung sanggar belajar. Mayoritas tingkat pendidikan masarakat Désa Cihideung nya éta tamatan SD nu lobana 1.310 urang, sésana tamatan SMP jeung SMA, kalayan tingkat pendidikan pangluhurna nya éta S3, lobana aya 20 urang.

Tabél 3.2

Jumlah Sarana Pendidikan di Désa Cihideung taun 2016

No.	Sarana Pendidikan	Jumlah
1.	<i>Playgroup</i>	1
2.	TK	7
3.	SMP	1
4.	SMA	1
5.	Perpustakaan désa	2
6.	Taman bacaan désa	1
7.	Sanggar belajar	2

Sumber: Monografi Désa Cihideung Maret 2016

Tabél 3.3

Jenjang Pendidikan Masyarakat Désa Cihideung

No.	Jenjang Pendidikan	Jumlah
1.	Umur 3-6 taun nu can asup TK	45
2.	Umur 3-6 taun nu keur TK/ playgroup	767
3.	Umur 7-18 taun nu keur sakola	1.235
4.	Umur 18-56 taun nu pernah SD tapi teu tamat	99
5.	Tamat SD	1.310
6.	Umur 12-56 taun nu teu tamat SMP	309
7.	Umur 18-56 taun nu teu tamat SMA	285
8.	Tamat SMP	1.235
9.	Tamat SMA	1.207
10.	Tamat D-1	37
11.	Tamat D-2	34
12.	Tamat D-3	28
13.	Tamat S-1	24
14.	Tamat S-3	20
Jumlah		6.635

Sumber: Monografi Désa Cihideung Maret 2016

3) Agama

Masyarakat Désa Cihideung ngagem agama Islam jeung agama Kristen. Mayoritas masyarakat ngagem agama Islam anu jumlahna 13.408 jiwa. Leuwih lengkepna katitén saperti ieu di handap.

Tabél 3.4

Jumlah Penduduk nu ngagem Agama Islam jeung Kristen

Agama	Lalaki	Awéwé
Islam	6.403	7.005
Kristen	183	107
Jumlah	6.586	7.112

Sumber: Monografi Désa Cihideung Maret 2016

4) Pakasaban

Pakasaban masarakat Désa Cihideung ngawengku sababaraha widang, tapi mayoritas jadi patani. Lian ti éta, aya ogé nu jadi buruh tani, PNS, karyawan swasta, TNI, seniman jrrd. Leuwih lengkepna bisa katitén tina tabel ieu di handap.

Tabél 3.5

Pakasaban Masarakat Désa Cihideung

No.	Pakasaban	Jumlah
1.	Patani	1187
2.	Buruh tani	407
3.	PNS	211
4.	Peternak	165
5.	Montir	37
6.	TNI	15
7.	POLRI	8
8.	Seniman/ artis	1
9.	Pedagang keliling	33
10.	Dukun tradisional	1
11.	Karyawan swasta	585
12.	Karyawan pamaréntah	30
13.	Pensiunan	69
Jumlah		2.749

Sumber: Monografi Désa Cihideung Maret 2016

5) Basa

Basa nu digunakeun ku masarakat Désa Cihideung pikeun komunikasi nya éta basa Sunda jeung basa Indonesia dina kahirupan sapopoé.

Cindekna, lega Désa Cihideung nya éta 715, 1 Ha nu jumlah pendudukna 13.737 anu diwengku ku 7.036 jiwa lalaki jeung 6.701 jiwa awéwé sarta jumlah kepala keluarga 4041 KK. Mayoritas tingkat pendidikan masarakat Désa Cihideung nya éta tamatan SD nu lobana 1.310 urang, sésana tamatan SMP jeung SMA, kalayan tingkat pendidikan pangluhurna nya éta S3, lobana aya 20 urang.

Masyarakat Désa Cihideung ngagem agama Islam jeung agama Kristen. Mayoritas masyarakat ngagem agama Islam anu jumlahna 13.408 jiwa. Pakasaban masyarakat Désa Cihideung ngawengku sababaraha widang, tapi mayoritas jadi patani. Lian ti éta, aya ogé nu jadi buruh tani, PNS, peternak montir, TNI, POLRI, seniman/ artis, pedagang keliling, dukun tradisional, karyawan swasta, karyawan pamaréntah, jeung pensiunan. Basa nu digunakeun nya éta basa Sunda jeung Basa Indonesia.

3.2.2 Sumber Data Panalungtikan

Sumber data panalungtikan nya éta subjék data anu ditalungtik (Arikunto, 2010, kc.172). Sumber data ngawengku jalma (*person*), tempat (*place*), jeung kertas atawa dokumén (*paper*).

Sumber data anu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta saperti ieu di handap.

- 1) Jalma (*person*), nya éta sumber data anu bisa méré data mangrupa jawaban lisan ngaliwatan wawancara atawa jawaban tinulis ngaliwatan angkét. Di handap ieu ditataan jalma anu jadi sumber data dina ieu panalungtikan.

Tabel 3.6
Data Informan

No.	Kalungguhan	Data Informan
1.	Informan Utama	Wasta : Alek Sutisna (Bah Encu) Umur : 57 taun Jenis Kelamin : Lalaki Pakasaban : Patani Padumukan : Cihideung
2.	Informan Utama	Wasta : Yanto Susanto Umur : 54 taun Jenis Kelamin : Lalaki Pakasaban : Patani, padagang Padumukan : Cihideung
3.	Informan Tambahan	Wasta : Bah Darto Umur : 49 taun Jenis Kelamin : Lalaki Pakasaban : Patani Padumukan : Cihideung

4.	Informan Tambahan	Wasta : Nanu Munajar Umur : 57 taun Jenis Kelamin : Lalaki Pakasaban : Dosén Padumukan : Cibiru
----	-------------------	---

- 2) Tempat nu jadi lokasi panalungtikan nya éta di Kampung Kancah Désa Cihideung Kecamatan Parongpong Kabupatén Bandung Barat.
- 3) Kertas atawa dokumén (*paper*), nya éta arsip pribadi ti Padépokan Kalang Kamuning sarta koran ngeunaan *irung-irung*.

3.3 Ngumpulkeun Data

3.3.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data mangrupa léngkah nu pangpentingna dina panalungtikan lantaran pikeun nyieun laporan panalungtikan kudu meunangkeun data. Dina ieu panalungtikan, téhnik anu dipaké pikeun ngumpulkeun data nya éta téhnik studi pustaka, téhnik obsérvasi, téhnik wawancara, jeung téhnik dokuméntasi.

1) Téhnik Studi Pustaka

Data pustaka nu dipaké dina ieu panalungtikan ngawengku buku sumber jeung karya ilmiah. Buku sumber nya éta buku anu medar ngeunaan kajian tiori nu luyu jeung judul. Karya ilmiah nu dipaké mangrupa skripsi ngeunaan kabudayaan, hususna nu medar ajén budaya sarta nu aya patalina jeung ritual *irung-irung*.

2) Téhnik Observasi

Nurutkeun Edwards jeung Talbott (dina Maryaeni, 2005, kc. 68), *all good partitioner research studies start with observations*, hartina sakabéh panalungtikan nu hadé dimimitian ngaliwatan obsérvasi. Obsérvasi éta dipatalikeun jeung upaya ngarumuskeun masalah, ngabandingkeun masalah nu dirumuskeun jeung kanyataan di lapangan, pamahaman ngeunaan pasualan pikeun manggihan pertanyaan nu rinci nu bakal ditulis dina kuésionér, sarta pikeun manggihan stratégi dina nyokot data jeung bentuk meunangkeun pamahaman nu

dianggap bener. Téhnik obsérvasi dilakukeun sangkan dina ieu panalungtikan meunangkeun gambaran informasi nu nyata dina upacara ritual *irung-irung*.

3) Téhnik Wawancara

Ditilik tina aspék pedoman (*guide*) wawancara dina proses nyangking data, dibédakeun jadi tilu rupa nya éta nu geus disusun, bébas jeung kombinasi. Wawancara nu geus disusun nya éta panalungtik ngagunakeun pedoman wawancara nu geus disiapkeun ti anggalna. Wawancara bébas nya éta panalungtik dina nepikeun pertanyaan teu ngagunakeun pedoman. Wawancara kombinasi nya éta gabungan tina wawancara nu geus disusun jeung wawancara nu bébas, kalayan udagan meunangkeun informasi nu lengkep ti narasumber (Sukardi, 2015, kc. 80-81).

Data dicangking ngaliwatan wawancara sacara nyosok jero ka informan utama jeung informan tambahan. Wawancara nu dilakukeun ku panalungtik nya éta wawancara kombinasi, dimana panalungtik geus nyiapkeun pedoman wawancara tapi ditepikeun sacara santéy sangkan leuwih akrab tur meunangkeun informasi sacara lengkep ti informan.

4) Téhnik Dokumentasi

Téhnik dokumentasi diayakeun pikeun nu maca leuwih apal kana réalitas ngaliwatan gambar. Téhnik dokumentasi dilakukeun pikeun ngarojong panalungtikan sarta meunangkeun data tina wangun arsip, gambar (*visual*), rekaman (*audio*), jeung rékaman video (*audio visual*). Téhnik dokumentasi digunakeun pikeun ngumpulkeun data ti informan sarta ngadokumentasikeun kumaha prak-prakan ritual *irung-irung* nu mangrupa foto, gambar, jeung video.

3.3.2 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan nya éta alat anu dipaké ku panalungtik dina ngumpulkeun data pikeun mantuan panalungtikan sangkan leuwih gampang jeung hasilna leuwih hadé. Rupa-rupa instrumén panalungtikan nya éta angkét, céklis (*check list*), pedoman wawancara, alat rékam, jeung kaméra.

1. Pedoman Wawancara

Pedoman wawancara nya éta alat pikeun nungtun panalungtik nalika ngawawancara jeung narasumber, eusina ngeunaan biodata informan jeung daftar pertanyaan. Pedoman wawancara nu dipaké dina ieu panalungtikan saperti ieu di handap.

Instrumén 1:

Data Informan Utama	
Wasta	:
Yuswa	:
Jenis Kelamin	:
Pakasaban	:
Padumukan	:
Waktu Wawancara	:

Instrumén 2:

No.	Pertanyaan	
(1)	(2)	
1.	Asal-muasal upacara ritual <i>irung-irung</i>	1) Naon jeung kumaha upacara ritual <i>irung-irung</i> ? 2) Naha ieu upacara ritual dingaranan <i>irung-irung</i> ? 3) Ti iraha dilaksanakeun upacara ritual <i>irung-irung</i> ? 4) Saha nu mimiti naratas upacara ritual <i>irung-irung</i> ? 5) Naon kasang tukang diayakeun upacara ritual <i>irung-irung</i> ? 6) Naon udaganna diayakeun upacara ritual <i>irung-irung</i> ?
2.	Kamekaran upacara ritual <i>irung-irung</i>	7) Kumaha kamekaran upacara ritual <i>irung-irung</i> ? 8) Naon kasang tukang ayana parobahan?

3.	Properti dina upacara ritual <i>irung-irung</i>	<p>9) Naon alat jeung bahan nu dipaké dina upacara ritual <i>irung-irung</i>?</p> <p>10) Kumaha pangna mun salasihiji alat jeung bahan éta teu kacumponan?</p> <p>11) Sasajén naon nu kudu disadiakeun dina upacara ritual?</p> <p>12) Kumaha dangdanan nu ilahar dipaké ku nu ngilu kana upacara ritual <i>irung-irung</i>?</p>
4.	Prak-prakan dina upacara ritual <i>irung-irung</i>	<p>13) Iraha upacara ritual <i>irung-irung</i> dilaksanakeun? Unggal bulan naon atawa nurutkeun penanggalan naon?</p> <p>14) Di mana upacara ritual <i>irung-irung</i> dilaksanakeun?</p> <p>15) Saha nu kungsi mingpin upacara ritual <i>irung-irung</i>?</p> <p>16) Naha aya ritual husus saacan prung upacara ritual <i>irung-irung</i>?</p> <p>17) Saha waé nu bisa ilubiung dina upacara ritual <i>irung-irung</i>? Awéwé, lalaki, kolot, barudak?</p> <p>18) Naon fungsi upacara ritual <i>irung-irung</i>?</p> <p>19) Kumaha prak-prakan upacara ritual <i>irung-irung</i>?</p> <p>20) Sabaraha lila upacara ritual <i>irung-irung</i> dilaksanakeun?</p> <p>21) Naon nu kudu ditataharkeun saacan ritual dimimitian?</p> <p>22) Naon pantrangan dina upacara ritual <i>irung-irung</i>?</p> <p>23) Aya katangtuan husus dina milih dombana teu?</p>

		24) Naha aya mamalana mun ieu ritual teu dilaksanakeun? 25) Kumaha antusias warga kana ayana upacara ritual <i>irung-irung</i> ?
5.	Ajén-inajén	26) Ajén-inajén naon nu hayang ditepikeun tina upacara ritual <i>irung-irung</i> ?
6.	Ngamumulé	27) Kumaha carana ngarah ieu ritual teu musnah? 28) Kumaha proses <i>pewarisan</i> upacara ritual <i>irung-irung</i> ka generasi salajengna? 29) Kumaha harepan bapa/ibu pikeun ieu ritual kahareupna? 30) Usaha naon waé anu geus dilakukeun ku pamaréntah hususna Dinas Kabudayaan jeung Pariwisata Kabupatén Bandung Barat pikeun ngaraksa jeung ngariksa ieu ritual?

2. Alat Rékam

Alat rékam dipaké pikeun ngumpulkeun data dina lumangsungna wawancara jeung informan. Ieu hal dilaksanakeun sangkan data anu dicangking akurat. Alat rékam nu dipaké nya éta *handphone*.

3. Kaméra digital

Kaméra digital dipaké pikeun ngadokuméntasikeun kagiatan obsérvasi panalungtikan, kagiatan wawancara, ngadokuméntasikeun foto jeung video dina prak-prakan upacara ritual *irung-irung* jeung ngadokuméntasikeun naon-naon anu aya patalina jeung panalungtikan.

3.4 Analisis Data

Sacara gurat badag, aya tilu léngkah dina nganalisis data, nu ngawengku tatahar, tabulansi, jeung ngalarapkeun data luyu jeung pamarekan panalungtikan (Arikunto, 2013, kc. 278). Sangkan leuwih jéntré katitén saperti ieu di handap.

1) Tatahar

Dina kagiatan tatahar aya tilu hal nu kudu dilakukeun, nya éta:

- a) Mariksa ngaran jeung kalengkepan idéntitas narasumber, ieu hal dilakukeun sangkan data nu geus kacangking valid;
- b) Mariksa kalengkepan data, hartina mariksa eusi instrumén dina ngumpulkeun data, sangkan nalika data aya anu kurang bisa buru-buru ditambahan; jeung
- c) Mariksa rupa-rupa data nu geus kacangking, maksudna bisi aya data nu teu luyu jeung kahayang panalungtik.

2) Tabulansi

Tabulansi nya éta prosés ngahijikeun data anu kapanggih dina prosés panalungtikan. Kagiatan dina tabulansi nya éta:

- a) Ngumpulkeun kabéh data anu kapanggih dina hasil studi pustaka, observasi, wawancara jeung dokuméntasi;
- b) Masing-masingkeun data dumasar gundukanana; jeung
- c) Ngaluyukeun data jeung téhnik analisis anu rék dipaké.

3) Ngalarapkeun data luyu jeung pamarekan

Data-data hasil panalungtikan anu geus kacangking tuluy diolah ngagunakeun rumus-rumus atawa aturan-aturan nu aya, luyu jeung pamarekan panalungtikan. Dina ieu panalungtikan, data diolah dumasar kana pamarekan budaya. Anu dipaluruhna ngeunaan (1) sajarah jeung kamekaran upacara ritual *irung-irung*, (2) prak-prakan upacara ritual *irung-irung*, (3) unsur budaya nu nyampak dina upacara ritual *irung-irung*, jeung (4) ajén budaya nu nyampak dina ritual *irung-irung*.